

## Bengawan Sore

Didi Kempot

Ning pinggiring bengawan  
Tansah setyo ngenteni sliramu  
Eling-eling jamane semono  
Wus tung kapitung ketigo

Ning pinggiring bengawan  
Sabab-sabab mung tansah kelingan  
Wus prasetyo ing janji kang suci  
Ing lair terusing ati

Sanadyan koyo ngopo, manungso  
Mung biso ngreko lan njongko  
Gusti kang paring idi lan pesthi  
Kito sak dermo nglampahi

Ning pinggiring bengawan  
Wayah sore tansoyo kelingan  
Gawang-gawang esemmu, cah ayu  
Gawe sedih ing atiku

Sanadyan koyo ngopo, manungso  
Mung biso ngreko lan njongko  
Gusti kang paring idi lan pesthi  
Kito sak dermo nglampahi

Ning pinggiring bengawan  
Wayah sore tansoyo kelingan  
Gawang-gawang esemmu, cah ayu  
Gawe sedih ing atiku